



Pou Piblikasyon Imedya: 04/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN KONDISYON METEYO IVÈ A AP ENSTALE NAN TOUT NOUYÒK,
GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 100 MILYON DOLA POU AMELYORE REZISTANS
CHOSE NAN CHAK KWEN NAN ETA A**

***Pwojè yo vize pwoteje wout Nouyòk yo kont move tan, epi amelyore dirabilite
enfrastrikti nan tout eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 100 milyon dola pou amelyore rezistans otowout eta yo nan 70 kote atravè Nouyòk ke kondisyon meteyo ekstrèm nan te afekte. Avèk sipò pwojè Lwa sou Enfrastrikti ak Travay, yon total 887 km (551 mil) liy otowout eta nan chak rejyon Eta a pral refè chose, sa ki reflekte angajman kontinyèl Gouvènè a pou renove ak revitalize enfrastrikti ansyen Nouyòk fas a chanjman klimatik mondyal la.

"Ant chalè ekstrèm nan ete a, tanpèt ivè ki fè dega ak saga kontinyèl sik jèl ak dejèl, wout Nouyòk sibi efè negatif kondisyon meteyo ekstrèm nan tout sezon yo, epi investisman sa a vize dirèk pou rajeni kèk nan otowout Eta a ke kondisyon meteyo ekstrèm nan te pi afekte," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kenbe enfrastrikti nou an nan bon eta se yon investisman ki non sèlman ogmante rezistans, men tou estimile devlopman ekonomik ak touris nan tout Nouyòk."

Depatman Transpò Eta (Department of Transportation) a deja reponn ak evènman chit nèt ak glas nan tout Eta Nouyòk. Investisman nan fè chose yo fas a kondisyon meteyo ekstrèm yo kontribiye pou garanti ke otowout eta yo rete nan bon eta epi prezante avantaj siplemantè pou rann li pi fasil pou anplwaye Depatman an pou reyalize operasyon nèt ak glas atravè Nouyòk yon fason ki pi efikas.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta a Marie Therese Dominguez te deklare, "Investisman nan enfrastrikti ki sible yo non sèlman amelyore sekirite piblik, men tou rezistans ak dirabilite gwo rezo otowout ak pon Nouyòk yo. Avèk yon plan kapital rekò 33 milya dola pou Depatman Transpò, Gouvènè Hochul investi plis ke jamè nan enfrastrikti Nouyòk. Investisman nan transpò entelijan yo gen kapasite pou rasanble moun ak kominote yo ansanm, e se egzakteman sa a investisman nan enfrastrikti enpòtan nou an pral fè atravè Eta Nouyòk."

Lidè Majorite Sena a Charles Schumer, te deklare, "10 milyon dola nan Lwa Bipatit sou Enfrastrikti ak Travay nou an louvri literalman wout la pou amelyore sekirite ak

travay ki byen peye pou repare fant yo ak modènize otowout yo atravè Nouyòk. Sa se sitou bon moman avèk ivè a k ap apwoche. Li enpòtan pou resous investisman otowout nou yo respekte nòm sekirite ki pi elve a pou rezidan ak vizitè yo ka deplase an sekirite epi pou sikilasyon an ka efikas pou biznis nou yo. Mwen p ap janm sispann goumen pou asire ke wout nou yo an sekirite epi efikas nan mezi posib, e mwen rekonesan a Gouvènè Hochul pou travay li ki vize pou itilize fon federal sa yo yon fason ki apwopriye."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Mwen fyè pou m selebre investisman enpòtan sa a ki pral ede kominote yo atravè eta nou an pou reziste ak defi ki pi wo lè kondisyon meteyo ekstrèm yo prezante. Lwa Bipatit sou Enfrastrikti nou an rann li posib an pati — ki deja bay plis pase 74 milyon dola pou amelyore wout ak otowout yo nan Rejyon Kapital la sèlman — amelyorasyon sa yo pral jwe yon wòl kle nan ranfòse sekirite ak kalite lavi pou plizyè milyon Nouyòkè. Mwen enpasyan pou m wè kòman amelyorasyon sa yo pral ranfòse rezistans epi estimile kwasans ekonomik atravè Eta Nouyòk pou ane k ap vini yo."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Envesti nan enfrastrikti ki vye nou an esansyèl pou konekte moun ak manm fanmi yo, lekòl yo, opòtinite travay yo, founisè swen sante yo ak plis ankò. Isit la nan Eta Nouyòk, nou gen onè pou nou konnen tout kat sezon yo — sa vle di nou dwe pran mezi siplemantè pou asire wout nou yo rezistan kont ete cho, ivè glase, ak tout sa ki ant yo de a. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske l itilize fon federal mwen te kontribiye pou jwenn pou ranfòse enfrastrikti lokal nou an, e mwen enpasyan pou nou kontinye travay ansanm."

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Sik ekstrèm jèl ak dejèl ak inondasyon devastatè tankou sa nou te temwen ane pase a nan Hudson Valley te deja kraze wout nou yo, epi katastwòf kondisyon meteyo sa yo ki fèt yon fwa nan lavi pat sispann ogmante, nou bezwen ranfòse enfrastrikti nou an kounye a. Lwa Bipatit sou Enfrastrikti a kreye investisman istorik pou amelyore rezistans wout nou yo. Mwen fyè dèske fon sa yo pral rann wout yo pi dous ak pi an sekirite pou fanmi Valley Hudson pandan y ap kreye travay ki byen peye. M ap kontinye goumen chak jou pou pote plis investisman enpòtan sa yo nan NY-18."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Avèk ivè tankou pa nou yo, li patikilyèman enpòtan pou Nouyòk montre wout pou suiv lè sa gen rapò ak gwo investisman nan enfrastrikti nou an. Se egzakteman sa a finansman Gouvènè Hochul la pral fè, epi mwen felisite li ak Komisè Dominguez paske yo kontinye angajman nou pou wout ki pi an sekirite ak kondisyon ki pi an sekirite pou chofè yo nan tout eta a."

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Sekirize investisman enfrastrikti pou Sant Nouyòk ak travay avèk Gouvènè a ak patnè yo atravè gouvènman an pou modènize wout ak pon yo te yon gwo priyorite pandan tan mwen an nan Sena Eta a. 100 milyon dola sa a pou refè chose plis pase 805 km (500 mil) otowout eta yo pral pèmèt pou kenbe wout nou yo an sekirite ak nan pi bon eta posib pou rezidan yo ak vizitè nou yo."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Envesti nan otowout nou yo ranfòse angajman Eta Nouyòk pou pwoteje ak amelyore enfrastrikti nou an nan tout eta a. Patenarya nou genyen ak Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò a montre sipò pou pwogram ki amelyore sekirite ak kalite lavi pou piblik vwayajè yo."

Gen yon lis konplè kote y ap fè pavaj yo, ki pral kòmanse prentan pwochen, kii disponib anba a:

Rejyon Kapital: (10.4 milyon dola)

- 1.1 milyon dola pou refè sifas Route 85 soti nan Wonpwen Cherry Ave rive nan Wonpwen Blessing Rd, Vil Bethlehem, Konte Albany.
- 1.4 milyon dola pou refè sifas Route 144 nan Route 9W rive nan liy Konte Albany, Vil New Baltimore, Konte Greene.
- 833,000 dola pou refè sifas Route 4 soti nan Routes 9 ak 20 rive nan Route 151, Vil East Greenbush, Konte Rensselaer.
- 857,000 dola pou refè sifas Route 66 soti nan Route 43 rive nan ansyen Route 66, Vil Sand Lake, Konte Rensselaer.
- 143,000 dola pou refè sifas Route 50 soti Route 5 rive Bruce Street, Vilaj Scotia, Konte Schenectady.
- 1.8 milyon dola pou refè sifas Route 9 soti Route 8/Loon Lake rive Valley Farm Road, Ti Vilaj Chestertown, Konte Warren.
- 1.5 milyon dola pou refè sifas Route 28 soti Adirondack Park Road rive Hudson River, Vil Johnsbury, Konte Warren.
- 305,000 dola pou refè sifas Route 67 soti nan liy Konte rive Route 22, Vil White Creek, Konte Washington.
- 2.5 milyon dola pou refè sifas Route 9J soti Route 9 rive Route Konte 26A nan Vil Stockport ak Stuyvesant, Konte Columbia.

Rejyon North Country (9.9 milyon dola)

- 2.4 milyon dola pou refè sifas Route 73 soti nan pwen depa santye Cascade Mountain rive Liberty Hill Lane, Vil North Elba, Konte Essex.
- 927,000 dola pou refè sifas Route 190 soti nan Liy Konte Franklin rive a yon pwen 3 km (1.6 mil) nan lwès Brandy Brook Road nan Vil Ellenburg, Konte Clinton.
- 1.1 milyon dola pou refè sifas Route 374 soti nan Ti Vilaj Brainardsville rive nan Vilaj Chateaugay nan vil Bellmont & Chateaugay, Konte Franklin.
- 989,000 dola pou refè sifas Route 3 soti nan liy Konte Oswego rive Hessel Road nan Vil Ellisburg, Konte Jefferson.
- 965,000 dola pou refè sifas Route 58 soti nan Ti Vilaj Fine rive Route 23 nan Vil Edwards ak Fine, Konte St. Lawrence.
- 285,000 dola pou refè sifas Route 184 soti Route 10 rive Route 812 nan Vil DePeyster ak Village la epi Vil Heuvelton, Konte St. Lawrence.

- 330,000 dola pou refè sifas Route 3 soti Ti Vilaj Great Bend rive Rivyè Black nan Vil Champion, Konte Jefferson.
- 1.3 milyon dola pou refè sifas Route 11 soti nan liy east nan Vilaj Gouvènè a rive Bristol Road nan Vil Gouvènè a, Konte St. Lawrence.
- 505,000 dola pou refè sifas Route 374 soti nan yon pwen 0.5 km (0.3 mil) nan lwès Sunset Road rive Church Pond Road nan Vil Dannemora, Konte Franklin.
- 479,000 dola pou refè sifas Route 421 soti Warren Point Road rive nan Route 30 nan Vil Piercefield, Konte St. Lawrence
- 597,000 dola pou refè sifas Route 58 soti Route 23 rive Harmon Road nan Vil Edwards, Konte St. Lawrence.

Rejyon Mohawk Valley - (4.3 milyon dola)

- 1.1 milyon dola pou refè sifas Route 5 soti Mary Street to Tilton Road, Vil Palatine, Konte Montgomery
- 2.1 milyon dola pou refè sifas Route 20 soti Beaver Creek Road rive Brothertown Road, Vil Sangerfield, Konte Oneida.
- 1.1 milyon dola pou refè sifas Route 20 ak 28 nan Vilaj Richfield Springs ak Vil Springfield, Konte Otsego.

Rejyon Nouyòk Santral (10.8 milyon dola)

- 2.2 milyon dola pou refè sifas Route 26 soti Vrolyk Road nan Vil Georgetown rive Eaton Brook Road nan Vil Eaton, Konte Madison.
- 600,000 dola pou refè sifas Route 13 (ri Cortland ak Utica Street) nan Vilaj DeRuyter, Konte Madison
- 1.3 milyon dola pou refè sifas Route 104 soti nan liy Vilaj Lès Mexico rive Interstate 81, Vil ak Vilaj Mexico, Konte Oswego.
- 1.6 milyon dola pou refè sifas Route 104 soti nan liy Konte Cayuga rive Route 104 A, Vil Oswego, Vil ak Vilaj Hannibal, Konte Oswego.
- 2.1 milyon dola pou refè sifas Route 5/20 soti nan liy Konte Seneca rive Route 326, Vil Aurelius, Konte Cayuga.
- 684,000 milyon dola pou refè sifas Route 26 soti nan liy Konte Broome rive Route 41, Vil Willett, Konte Cortland.[sic]
- 1.8 milyon dola pou refè sifas Route 174 soti Lee Mulroy Road Delaware rive Main Street nan Marcellus epi soti Main Street rive West Genesee Street nan Camillus, Vil ak Vilaj Marcellus ak Camillus, Konte Onondaga.
- 500,000 dola pou refè sifas Route [931B \(State Fair Boulevard\)](#) soti Route 297 rive Pump House Road, nan Vil Geddes, Konte Onondaga.

Rejyon Finger Lakes (13.5 milyon dola)

- 1.5 milyon dola pou refè sifas Route 96 soti Route 366 rive Vilaj Waterloo, Vil Fayette, Konte Seneca.

- 2.6 milyon dola pou refè sifas Route 77 soti Interstate 90 rive Route 63 epi Route 63 soti Route 77 rive fwontyè nò Refij Nasyonal Lavi Sovaj Iroquois (Iroquois National Wildlife Refuge), Konte Genesee ak Orleans.
- 1.4 milyon dola pou refè sifas Route 31A soti Hulberton Road rive Redman Road, Konte Orleans and Monroe.
- 2.3 milyon dola pou refè sifas Route 39 soti Vilaj Geneseo rive Vilaj Avon, Konte Livingston.
- 683,000 dola pou refè sifas Route 943C ak 253 soti Route 64 rive Route 65, Konte Monroe.
- 2.6 milyon dola pou refè sifas Route 259 soti Interstate 490 rive Route 104, Konte Monroe.
- 2.4 milyon dola pou refè sifas Route 20A soti Ti Vilaj Varysburg rive Vilaj Warsaw, Konte Wyoming.

Rejyon Lwès Nouyòk (10.6 milyon dola)

- 1.8 milyon dola pou refè sifas Interstate 86 nan lwès Soti 24 rive Soti 26, Konte Cattaraugus.
- 1.1 milyon dola pou refè sifas Route 62 soti Gable Street rive Vilaj Gowanda, Konte Cattaraugus.
- 1.4 milyon dola pou refè sifas Route 474 soti Route 76 rive Eddy Road, Konte Chautauqua.
- 709,000 dola pou refè sifas Route 60 soti na liy Vil Jamestown rive pon Washington Street, Konte Chautauqua.
- 590,000 dola pou refè sifas Route [952Q \(Walden Avenue\)](#) soti Transit Road rive Central Avenue, Konte Erie.
- 180,000 dola pou refè sifas Ranp Virginia ak Carolina rive Interstate 190, Vil Buffalo.
- 125,000 dola pou refè sifas Ranp Busti Avenue rive Interstate 190, Vil Buffalo.
- 637,000 dola pou refè sifas Route 20A soti Cazenovia Creek rive Elmwood, Konte Erie
- 263,000 dola pou refè sifas Route 39 soti Belscher Road rive Clark Street, Konte Erie.
- 263,000 dola pou refè sifas Route 39 soti Newman rive Route 240, Konte Erie.
- 650,000 dola pou refè sifas Route 277 soti Route 391 rive pak Chestnut Ridge.
- 808,000 dola pou refè sifas Route 93 (kontou) soti Route 31 rive Robinson Road, Konte Niagara.
- 660,000 dola pou refè sifas Route 182 soti Route 62 rive Packard Road, Konte Niagara.
- 720,000 dola pou refè sifas Route 93 soti Raymond Road rive Akron Road, nan Konte Niagara.
- 275,000 dola pou refè sifas Route 446 soti liy Konte Cattaraugus ki nan Konte Cattaraugus ak liy Vilaj Cuba, Konte Allegany.
- 200,000 dola pou refè sifas Route 446 ak 305, Konte Allegany.
- 225,000 dola pou refè sifas Route 19 soti Gleason Hill Road rive Gulf Road, Vil Belfast, Konte Allegany.

Rejyon Southern Tier (12.9 milyon dola)

- 2.3 milyon dola pou refè sifas kat ranp yo ak zòn repo soti 37 sou Interstate 86, Konte Steuben.
- 250,000 dola pou refè sifas Route 415 ak Route 352, Konte Steuben.
- 2.3 milyon dola pou refè sifas Route 961M, Konte Chemung.
- 1.7 milyon dola pou refè sifas Route 11 soti Ti Vilaj Castle rive Joyner Road, nan Vil Chenango ak Barker, Konte Broome.
- 2.3 milyon dola pou refè sifas Route 38 soti Vilaj Newark Valley rive Ti Vilaj Berkshire, Konte Tioga.
- 876,000 dola pou refè sifas Route 10 ak 23 nan Vilaj Stamford, ak Vil Harpersfield, Konte Delaware
- 534,000 dola pou refè sifas Route 30 ak 206 nan Ti Vilaj Downsville, Vil Colchester, Konte Delaware.
- 1.5 milyon dola pou refè sifas Route 320 soti Route 12 rive Route Konte 29 nan Vil Norwich ak North Norwich, Konte Chenango.
- 1.1 milyon dola pou refè sifas Route 26 soti Overlook Drive rive liy Konte Cortland nan Vil Triangle, Konte Broome.

Rejyon Mid-Hudson (16.5 milyon dola)

- 7.5 milyon dola pou refè sifas Taconic State Parkway soti Route 55 rive Tyrrel Road nan Vil Pleasant Valley ak Lagrange, Konte Dutchess.
- 3.5 milyon dola pou refè sifas Route 312 soti lwès Metro North Railroad rive 22 nan Vil Southeast nan Konte Putnam.
- 3.5 milyon dola pou refè sifas Route 52 ant Johns Estate Road nan Vil Shawangunk, Konte Ulster rive Black Hawk Road nan Vil Crawford, Konte Orange.
- 2 milyon dola pou refè sifas Route 97 soti nan liy Vil Tusten rive County Road 114, nan vil Cohecton, Konte Sullivan

Rejyon Long Island (7 milyon dola)

- 7 milyon dola pou refè sifas Route [27 South Service Road](#) ant Pond Road ak Route 97 nan Vil Islip, Konte Suffolk.

Rejyon Vil Nouyòk (4 milyon dola)

- 4 milyon dola pou refè sifas Route 908B (Jackie Robinson Parkway) nan lwès ant Central Avenue ak gran Central Parkway/Van Wyck Expressway (Echanjè Kew Gardens) nan Vil Nouyòk, Konte Kings ak Queens.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)